

Nouvo Lwa

Divilgasyon Règleman sou Fimen nan Bilding kote Moun Abite: Sa Ou Bezwen Konnen

Enfòmasyon Jeneral

Nan mwa dawout 2017 la, Vil New York te adopte Lwa Lokal 147, ki egzije bilding kote moun abite ki gen twa (3) oswa plis inite pou moun abite pou yo kreye yon règleman sou fimèn epi pou pataje oswa divilge li avèk lokatè ki genyen kounye a yo ak lokatè ki pral genyen pi devan yo. Gid sa eksplike objektif lwa sa a epi li bay rekòmandasyon sou jan pou satisfè egzijans li yo.

Poukisa NYC te adopte Lwa Lokal 147 la ?

- Lwa Lokal 147 la pral ede pwoteje abitan New York yo kont danje nan respire lafimen lòt moun k ap fimèn. Li pral ede abitan New York yo pran desizyon avize konsènan kote pou yo abite. Lafimen moun respire de lòt moun k ap fimèn yo se lafimen ki soti nan boule nenpòt pwodui ki itilize pou fimèn oswa ke moun ki fimèn yo pouse mete deyò (ekspire).
- Pa gen yon kantite lafimen ou respire de lòt moun k ap fimèn ki pa gen danje; ekspozisyon a yon kantite lafimen ki soti de lòt moun k ap fimèn ka ogmante risk pou ou gen kèk maladi.
- Granmoun ki pa fimèn yo ki ekspoze a lafimen lòt moun k ap fimèn yo gen plis risk pou fè estwok, maladi kè ak kansè poumon.
- Timoun yo ki ekspoze a lafimen lòt moun k ap fimèn gen plis risk pou gen atak opresyon ak lòt maladi respiratwa, maladi zòrèy mwayèn ak sendwòm lanmò sibat tibebe (SIDS, sudden infant death syndrome).

Lwa sa a egzije pwopriyetè bilding yo pou yo kreye ak pataje yon règleman sou fimèn avèk lokatè ki genyen kounye a yo ak lokatè ki pral genyen pi devan yo. Poukisa yon règleman sou fimèn enpòtan pou pwopriyetè ak lokatè bilding yo?

- Lafimen an jeneral travèse miray apatman yo.
- Lokatè yo ka deside si yo vle viv nan yon bilding dapre règleman bilding nan sou zafè fimèn. Sa pral ede lokatè yo konprann risk ki genyen nan ekspoze ak lafimen lòt moun k ap fimèn pandan yo lakay yo.
- Enfòmasyon sa yo enpòtan pou paran yo ki gen jèn timoun ak pou lòt yo tankou granmoun aje yo ki gendwa pase plis tan nan kay. Pase plis tan nan kay ka vle di plis ekspozisyon a lafimen lòt moun k ap fimèn.

Kijan pou konfòme m

Kisa lwa sa a egzije?

Lwa sa egzije pwopriyetè bilding yo ki gen twa (3) oswa plis inite pou moun abite:

- Kreye yon règleman sou fimèn e pataje li ak lokatè ki genyen kounye a yo ak lokatè ki pral genyen pi devan yo.



Health

- Pataje kote fimen otorize ak pa otorize sou pwopriyete a, sa gen ladann espas anndan ak pa deyò yo. (Lwa ki Entèdi Fimen nan Espas Piblik Fèmen an (Smoke-Free Air Act) entèdi fimen pwodui tabak oswa ki pa tabak ak itilize sigarèt elektwonik nan espas fèmen ki komen yo.)
- Bay chak ane yon avi règleman sou fimen an bay lokatè yo.
- Bay tout lokatè yo yon avi si règleman sou fimen an chanje.

Lalwa **pa** oblije pou lojman an pa dwe gen moun ki fimen ladann.

- Si yon bilding decide pa dwe gen fimen ladann, règleman an **pa** entèdi moun ki konn fimen abite nan bilding nan; li ap entèdi fimen nan nenpòt pati nan bilding nan, sa gen ladann nan kay la tou.*
 - Yon bilding ka chwazi aplike yon règleman sou fimen pou nouvo lokatè yo, sa ki pèmèt lokatè aktyèl yo kontinye fimen anndan apatman yo a.
 - Yon bilding ka chwazi entèdi sèlman kèk kalite fimen anndan inite yo (tankou, entèdi tabak ak mariwana, men pa entèdi sigarèt elektwonik).

* Yon bilding ka adopte yon règleman pou pa gen fimen men dwe egzante inite ki gen lwaye estabilize (rent stabilized) (ki gen to fikse pou ogmante lwaye a) oswa lwaye kontwole (rent controlled) (limite kantite kòb pou chaje pou lwaye a) kote moun k ap viv la pa dakò ak règleman an. Pa konsekan, gen yon melanj bilding ki gen inite ki pa gen fimen epi kèk lòt inite ki egzante kote moun kapab fimen.

Kisa yon règleman sou fimen ta dwe gen ladann ?

Yon règleman sou fimen dwe gen ladann kote fimen pa otorize, ki kalite pwodui fimen ki pa otorize, epitou enfòmasyon sou Lwa ki Entèdi Fimen nan Espas Piblik Fèmen an. Ou ka jwenn yon modèl règleman sou fimen nan bilding nan <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/smoke/smoking-sample-policy-residential.pdf>.

Kijan mwen dwe divilge règleman sou fimen an?

Si ou se yon pwopriyete bilding kote moun abite, règleman sou fimen yo ka pataje nan fason sa yo:

- Bay chak grenn lokatè li alekri **oswa**
- Afiche li nan yon kote ki vizib nan bilding nan tankou antre bilding nan

Règleman sou fimen yo dwe fè pati kontra tout inite pou moun abite yo ak dokiman tranzaksyon yo pou vant inite pou moun abite yo, sa gen ladann ko-pwopriyete ak koperativ bilding yo avèk plizyè inite pou moun abite yo.

Panse bay lokatè ou yo yon kesyonè pou konprann ki kalite règleman yo sipòte. Ou ka jwenn yon modèl kesyonè sou <http://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/epi/sample-smokefree-survey.pdf>.

Èske yon bilding oblije anrejistre règleman sou fimen li a yon kote?

Non. Bilding yo pa gen obligasyon pou anrejistre oswa depoze règleman sou fimen yo a yon kote.



Health

Konsekans sou depans

Konbyen kòb sa koute?

Pa gen depans anplis pou bilding nan ki prevwa.

Ki benefis posib sou depans nan adopte yon règleman sou pa fimèn nan bilding nan genyen?

- Lè yon moun ki te abite la deloje, inite ki pa gen fimèn yo gen depans pou wotasyon (depans pou prepare pwopriyete a pou yon nouvo lokatè) ki se plizyè milye dola an mwens pase inite yo kote fimèn otorize.
- Règleman sou pa fimèn yo ka redui risk dife ke sigarèt lakòz ki se yon bagay ki koze dife nan plizyè inite nan bilding yo epi ki lakòz lanmò an rapò ak dife nan NYC.

Dat Anvigè ak Aplikasyon

Kilè lwa sa antre anvigè ?

Lwa sa antre anvigè apati 28 dawout 2018.

Kiyès ki pral fè aplike lwa sa a?

- Depatman Sante a pral fè aplike prensip sa nan kontwole ak fè respekte Lwa ki Entèdi Fimèn nan Espas Piblik Fèmen an.
- Depatman Sante a pa pral enpoze règleman ki gen pou wè ak bilding nan espesyalman. Pwopriyete bilding yo gen obligasyon pou asire lokatè yo respekte règleman sou fimèn yo a.
- Si pwopriyete yon bilding pa pataje yon règleman sou fimèn nan fason ki egzijè yo, y ap gen pou peye yon amann \$100. Si gen plizyè lokatè nan menm bilding nan ki pa te enfòmè sou règleman sou fimèn an, sa ap konte kòm yon vyolasyon.
- Si lokatè yo pa te resevwa yon règleman sou fimèn oswa li pa te afiche nan yon espas ki vizib nan bilding yo a apre dat lwa a antre anvigè, yo ka **rele 311** e poze kesyon sou divilgasyon règleman sou fimèn an.